ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚОҢЫРАТ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚЎНҒИРОТ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ

Қ А Р О Р И

№ 13/1 «9» - 01 2018-ж.й

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб үскенелерин техник көриктен өткериў тәртиби ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 6-декабрьдеги 345-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигиниң Машина ҳәм әсбап-үскенелериниң техника жағдайын қадағалаў мәмлекетлик бас инспекциясы ҳаққында»ғы Реже, Өзбекстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министриниң 2013-жыл 2-апрельдеги 58-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб-үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге тийкарланып ҳәмде районда 2018-жыл аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлерин ҳәр жыллық техникалық көриктен өткериў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Райондағы мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан кәрхана, машина-трактор парклери, альтернативлик машина-трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм оларды техникалық көриктен өткериў кестеси 1-қосымшаға, техникалық көриктен өткериў бойынша комиссия курамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық аўыл хожалық техникалары бойынша «Мәмлекетлик техника қадағалаў» инспекторы (У.Айтбаев);

мүлкшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық ҳәм мелиоратив, жол қурылыс техника кураллары, машина әсбап-үскенелерди жыллық техникалық көриктен өткериў ҳаққындағы кестени юридикалық ҳәм физикалық шахсларға жеткериў;

техникалық көриктен өткен техникаларды баянламалар тийкарында иелеўге рухсат бериў, шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Барлық кәрхана, шөлкем, машина-трактор парклери, альтернатив машина-трактор парклери, фермер хожалықлары басшыларына;

есапта бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техникалық көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Район ҳәкиминиң биринши орынбасарына (Е.Еденбаев) ҳәм районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлимине (Ш.Джадигеров) райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки акционерлик жәмийети, альтернативлик машина трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған мүликшилик түрине қарамастан аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив, жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм олардың техникалық жағдайын техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги тәртиплерге тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Қоңырат районы ҳәкиминиң 2017-жыл 5-апрель күнги «Қоңырат районы аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы 248/4-санлы «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасының 2017-жыл 27-апрель күнги 4-санында жәрияланған шешими 2017-жыл 31-декабрь күнинен өз күшин жойытқан деп есаплансын.

6. Бул шешим районлық «Қоңырат ҳақыйқаты» газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Е.Еденбаев ҳәм районлық Аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы Ш.Джадигеровларға жүклетилсин.

8. Бул шешим районлық «Қоңырат ҳақыйкаты» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Қоңырат районы
ҳәкими: **Ш.Темирбаев**

Район хәкимиятиниң 2018 жыл
«09» - 01 күнги
13/1 -санлы пенимине
1- қосымта

Район кәрханаларындағы бар трактөрлар, өзи жүрер шассилер, мелиоратив жол-қурылыс машиналары хәм трактөр тиркемелерин 2018 жыл мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

Т/р	Аўыл хожалығы кәрханалар аты	Тексериў өткерилетуғын күни	Тексериў өткерилетуғын ўақты	Аўыл хожалығы кәрханалар мәнзили	Механизмлер саны	Тексериў өткерилетуғын орны	Ким тәрепинен өткизиледи
1.	«Агро хызмет» ММТП хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	01.02.2018	09:00	Қоңырат АПЖ		ММТП устаханасы	
2.	«Таза бирлик» ММТП хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	02.02.2018	09:00	Әдебият АПЖ		ММТП устаханасы	
3.	«Хорезм» ММТП хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	05.02.2018	09:00	Хорезм АПЖ		ММТП устаханасы	
4.	«Кокли-кол» АХШ хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	06.02.2018	09:00	Мийнетабад АПЖ		АХШ устаханасы	
5.	«Жаңа-талап» АХШ хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	07.02.2018	09:00	Қаратал МПЖ		ММТП устаханасы	
6.	«Раўшан» ММТП хәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	08.02.2018	09:00	Раўшан АПЖ		ММТП устаханасы	

7.	«О.Қурбаниязов» ММТП ҳәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	09.02.2018	09:00	Мийнетабад АПЖ		ММТП устаханасы	
8.	«Әжинияз» ММТП ҳәм фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	12.02.2018	09:00	Әжинияз АПЖ		ММТП устаханасы	
9.	«Устирт»АХШ, фермер хожалықлары аймақтағы жеке меншик техникалар	16.02.2018	09:00	Устирт АПЖ		АХШ устаханасы	
10.	«МТП» АЖ	20.02.2018	09:00	К.Нурмухамедов көшеси н/ж		Кәрхананың өзинде	
11.	Қоңырат аўыл хожалық ҳәм курылыс колледжи	24.02.2018	09:00	Аўыл хожалық колледжи, Қоңырат-Мойнақ авто жолы		Кархананын озинде	
12.	Қоңырат жол курылыс кәрханасы	28.02.2018	14:00	Қоңырат-Мойнақ авто жолы		Кәрхананың өзинде	
13.	Қоңырат РАБ	03.03.2018	09:00	Қоңырат-Мойнақ авто жолы		Кәрхананың өзинде	
14.	Тоғай аншылық хожалығы	07.03.2018	14:00	Қ.Халмуратов көшеси н/ж		Кәрхананың өзинде	
15.	«Аўылхожалықхимия» Қоңырат филиалы	11.03.2018	09:00	О.Ермаганбетов көшеси н/ж		Кәрхананың өзинде	
16.	Районлық суў тармақлары мекемеси	15.03.2018	14:00	Т.Бабаниязов көшеси 7 жай		Кәрхананың өзинде	
17.	Өсимликлерди қорғаў отряды	18.03.2018	16:00	А.Шамуратова көшеси н/ж		Кәрхананың өзинде	

Район хәкимиинің 2018 жыл
«9» - 04 күнги
13/1 - санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағындағы аўыл хожалығы хәм мелиоратив техника, әсбап-үскенелерин 2018 жыл техникалық кориктен өткериўши район комиссиясы курамы

У.Айтбаев	Қоңырат районы аўыл хожалық техникалары мәмлекетлик инспекторы, комиссия баслығы

Комиссия ағзалары:

Т.Джуманов	Районлық «Машина трактор парки» АЖ баслығы
Р.Айтенов	«Сүўенли» ирригация тармақлары басқармасы бас механиги
Б.Бекмуратов	Районлық аўыл хәм суў хожалығы бөлими баслығының агротехнология мәселелери бойынша орынбасары

Еслетпе: Усы комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда оның орнына келген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.